



Pou Piblikasyon Imedya: 07/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBILITE 4.5 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU AMELYORE EFÒ PREVANSYON KONT ADIKSYON NAN KOMINOTE KI GEN GWO BEZWEN YO**

***Fon federal nan kad Sibvansyon Global pou Prevansyon ak Tretman Toksikomani pral itilize pou kowalisyon sou prevansyon ak tretman toksikomani yo***

**Kowalisyon yo pral angaje kominote vilnerab, defavorize yo pou devlope ak aplike chanjman nan estrateji prevansyon yo**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponibilite jiska 4.5 milyon dola nan finansman federal atravè pwogram Sibvansyon Global pou Prevansyon ak Tretman Toksikomani (Substance Abuse Prevention and Treatment Block Grant, SABG) pou devlope kowalisyon sou prevansyon kont abi ak move itilizasyon sibstans nan zòn defavorize yo nan Eta New York. Kowalisyon sa yo konsevwa pou pi byen angaje kominote vilnerab ak izole yo nan devlope ak aplike estrateji prevansyon kont chanjman anviwònmanal. Y ap bay finansman yo atravè yon pwosesis Demann pou Aplikasyon (Request for Application, RFA) ke Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) administre.

"Adiksyon ka gen enpak sou nenpòt ki fanmi, toudenkou epi yon fason ki di. Batay kont kriz opyoyid se yon batay pèsònèl pou mwen epi mwen vle fè tout Nouyòkè k ap lite ak adiksyon yo konnen ke nou isit la pou ou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sèvis tretman yo ta dwe aksesib pou tout moun epi nouvo finansman sa a pral kontribiye anpil nan asire Nouyòkè ki nan kominote defavorize yo gen resous yo bezwen pou rezoud pwoblèm adiksyon ak pase nan pwosesis rekiperasyon yo".

Kowalisyon k ap resevwa finansman yo pral itilize [Estrikti Prevansyon Estratejik](#) pou devlope prevansyon ki adapte kiltirèlman ak pèsonalize pou kominote ak popilasyon defavorize yo, sa gen ladan veteran, jenès LGBTQ, latino, moun ki gen plis pase 50 ane, moun ki gen andikap, kominote riral ak kominote migran yo. Apwòch sa a enplike itilize sous done lokal yo ki kapab idantifye toksikomani ki espesifik kiltirèlman ak pwoblèm nan move itilizasyon, ede ankouraje estrateji prevansyon espesifik pou redui toksikomani pou minè ak ankouraje chanjman pozitif pou kominote ki gen gwo risk yo.

Yo pral bay jiska 150,000 dola chak ane pou yon kowalisyon nan chak 10 rejyon devlopman ekonomik yo nan Eta New York pandan 3 ane. Ou ka wè RFA pou inisyativ sa a [isit la](#).

**Komisè OASAS, Chinazo Cunningham, te deklare,** "Byen abòde sikonstans yo ki mennen nan toksikomani ak adiksyon mande yon apwòch kominotè, nan rekonèt ke kominote ak popilasyon diferan yo bezwen sèvis diferan. Sa pèmèt nou sible sèvis nou yo nenpòt kote gen pi gwo bezwen epi avèk nouvo kowalisyon sa yo nou pral kapab pote sèvis prevansyon vital sa yo bay yon seri kominote ak popilasyon ki gen gwo bezwen".

**Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare,** "Nou bezwen batay kont kriz ovèdòz opyoyid la nan chak kominote nan New York. Nouvo finansman sibvansyon federal la ki pral mete sou pye kowalisyon kominotè ki pral ranfòse pwogram prevansyon kont toksikomani yo nan zòn defavorize yo pral benefisye rezidan yo anpil. Avèk enfòmasyon ki enpòtan nan nivo kiltirèl yo ki sible espesyalman nan diferan gwoup, pwogram prevansyon sa yo pral bay pèspektiv espwa kote li nesese a, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske li sekirize finansman nesese a".

**Manm Asanble Phil Steck te deklare,** "Mwen kontan anpil ke OASAS ap itilize fon sibvansyon global federal la pou devlope kowalisyon sou prevansyon toksikomani ak move itilizasyon nan zòn defavorize yo nan eta nou an. Aksè nan tretman ak prevansyon pi konekte ak yerachi finansye a, menm si pwoblèm nan toksikomani an pa fè diskriminasyon. Itilize lajan sa yo nan kowalisyon yo kote ki gen pi gwo bezwen yo pral asire pi bon rezilta sou sante pou sila yo ki rete nan zòn sa yo".

Pandan plizyè ane ki pase yo, Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif ki gen plizyè branch pou rezoud fleyo opyoyid la, epi li te kreye yon seri swen kontini kont depandans ak sèvis konplè nan prevansyon, tretman ak retablisman. Pou konbat epidemi sa a, eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak sèvis tretman alèd medikaman, ak tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, klèb lojman pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedya. Depi lè sa, yo te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou Eta a, epi yo te ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè nan swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen

malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou pasyan ekstèn, lè ou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb OASAS NYS la](https://www.oasas.ny.gov).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan [ombuds@oasas.ny.gov](mailto:ombuds@oasas.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418